Хэгъэгу пстэуми апролетариехэр, зы шъухъу!

КъыздэкІ. я 19 илъэс

Социалистическэ АДЫГЕЙ

1945 илъэс
Маим
и 27
Тхьаумаф
№ 56 (3842)

ВКП(б)-м И АДЫГЭ ХЭКУ КОМИТЕТРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯСРГАН

Ыуасэ ч. 20

МЭКЪУ УПКІЭНЫМ ДЭГЪУ ШЪЫПКЪЭУ ЗЫЗЭРЭФЭДГЪЭХЬАЗЫРЫН ЫКІИ ЗЭРЭЗЭШІОТХЫН

Тисоциалистическэ хэгъэгушхо итрудящхэмэ мамырыныгъэ щыІакІэм зыщытехьэгъэ лъэхъаныр гъэхъэгъакІэхэмкІэ агъэунэфы. Гитлеровскэ техакІохэмэ зэхакъутэгъэгъэ тинароднэ хозяйствэ пІэлъэ кІэкІыкІэ зыпкъ зэрэрагъэуцожьыным, ащыкІэ текІоныгъакІэхэр зэрашІынхэм зэмыблэжьыхэу фэбанэх. ЗэкІэ советскэ народым игъусэхэу, тэ тихэку итрудящхэри, а мэхьанэшхо зиІэ Іофым яшъыпкъэу хэлажьэх.

Щытхъушхо зиІэ ти Красная Армие немецкэ фашистскэ техакІохэр зэхикъутэхи, текІоныгъэ лъапІэр къызэрэдихыгъэм тихэку имэкъу-мэщ хозяйствэ иІофышІэхэр инэу къыгъэчэфхэзэ, мыгъэ лэжьыгъэ бэгъуагъэ къызэрахьыжьыным зэмыблэжьыхэу Іоф дашІэ.

Тихэку иколхоз пчъэгъабэмэ агротехническэ правилэхэр агъэфедэхэзэ, лэжьыгъэ хэлъхьаныр аухыгъ ыкІи семчык, натрыф зыфэпІощт культурэхэм япкІэны зарагъэушъобгъугъ. Колхоз пэрытхэмэ семчыким иапэрэ пкІэн аухи, ятІонэрэ пкІэным фежьагъэх, ятІонэрэ пкІэнэр зыухыгъэхэри ахэт.

Губгъо ІофшІэнхэм аужы къырамыгъанэу хэкум иколхозхэм ыкІи совхозхэм мэкъу угъоижьынэу къэблагъэрэм зыфагъэхьазыры. Хэкум иколхозхэр зэфэдэу мэкъу упкІэным зэлъыфежьэнхэкІэ къэнэжьыгъэр бэжьэп. Гнагинскэ районым щыщ колхозэу „Красный животноводым", Шэуджэн районым щыщ колхозэу „А 1-рэ Абдзахэм" ыкІи ащ анэмыкІхэми мэкъу упкІэныр рагъэжьагъэу, зигъо хъурэр аупкІэ.

Мэкъу угъоижьыныр дэгъу шъыпкъэу зэшІохыгъэ зэрэхъуным елъытыгъэу, ащ икъукІэ колхоз пчъэгъабэмэ зыфагъэхьазырыгъ ыкІи зыфагъэхьазыры. Ащ фэдэу зыцІэ къепІощтхэмэ Красногвардейскэ районым щыщ колхозэу Буденнэм ыцІэкІэ щытыр, Теуцожь районым щыщ колхозэу „Путь Ильичар" ыкІи ащ анэмыкІхэри ащыщых. Мыхэмэ ямэкъу упкІэ машинэхэмэ ямызакъоу, щэмэджхэмрэ, куахъохэмрэ ыкІи ащ анэмыкІрэ лэжьэкІо Іэмэ-псымэхэмрэ агъэцэкІэжьыгъахэх.

Ау мэкъу угъоижьыным ищыкІэгъэщт машинэхэмрэ ыкІи Іэмэ-псымэхэмрэ дэгъоу огъэцэкІэжь закъокІэ, Іофэр ащ щыухыгъэ хъурэп. Тэхъутэмыкъое районым иколхоз пэрытэу „Культурный огородникым" ыкІи ащ нэмыкІхэми ямэкъу упкІэ машинэхэр, щэмэджхэр агъэцэкІэжьыгъах, ау ягубгъо бригадэхэм мэкъоу аупкІэн фэе участкэхэр атырагощагъэп, машинэхэмкІэ ыкІи Іэкіэ мэкъур зыупкІэщт колхозникхэр агъэнэфагъэхэп. Мэкъу упкІэныр игъом качествэ икъу иІэу зэшІохыгъэнымкІэ анахь мэхьанэ зиІэу щытыр—трудыр дэгъоу зэхэщэгъэныр ары.

Былымэу тиІэхэмэ япчъагъэ нахьыбэу шІыгъэнымрэ ащ япродуктивносты зыкъегъэІэтыгъэнымрэкІэ анахь лъапсэ зиІэу щытыр—кормовой базэ дэгъу уиІэныр ары. Ар хэткІи нафэ. Ау зыщыткІэ, мэкъу упкІэныр ыкІи угъоижьыныр щыкІэгъэнчъэу зэшІохыгъэным тыфэбэнэн фае. Зигъо хъурэ мэкъур аупкІэзэ ашІын фае.

Мэхьанэшхо зиІэ мэкъу угъоижьыным изыфэгъэхьазырынрэ ыкІи ащ изэшІохынрэ районнэ партийнэ, советскэ, земельнэ органхэм ыкІи колхозхэм яруководительхэм большевистскэ пэщэныгъэ икъу адызэрахьан фае.

СССР-м и Народнэ Комиссархэмэ я Советрэ ВКП(б)-м и Центральнэ Комитетрэ адэжьы къекІы

СССР-м и Народнэ Комиссархэмэ я Советрэ ВКП(б)-м и Центральнэ Комитетрэ гукъао къащыхъоу, талантливэшхо зиІэ урыс поэт—баснописцэу, зибоевой гущыІэхэр щыгхъу хэлъэу социалистическэ революцием иІофы фэпсэущтыгъэу ДЕМЬЯН БЕДНЭР (Придворов Ефим Алексеевичыр), зэрэлІагъэмкІэ макъэ агъэІу.

СССР-м и НАРОДНЭ КОМИССАРХЭМЭ я СОВЕТ.
ВКП(б)-м и ЦЕНТРАЛЬНЭ КОМИТЕТ.

США-м и Президентэу Трумэны иличнэ представителэу г-нэу Г. Гопкинс Москва къэкІуагъ

Маим и 25-м США-м и Президентэу Трумэны иличнэ Представителэу г-нэу Г. Гопкинс ишъуз игъусэу Москва къэсыгъ.

Центральнэ аэродромым г-нэу Г. Гопкинсы СССР-м иІэкІыб Къэрал Іофхэмкіэ Народнэ Комиссарым и Заместителэу А. Я. Вышинскэр, СССР-м и НКИД и Протокольнэ Отделы и Заведующэу Ф. Ф. Молочковыр, СССР-м и НКИД США-мкІэ и Отделы и Заведующы и Помощникэу В. И. Базыкиныр, джащ фэдэу Американскэ Посольствэу Москва щыІэм ичленхэр Іофхэмкіэ Повереннэу щыт г-нэу Д. Кенаном зэряпащэу, Францием и Послэу г-нэу Ж. Катру, Великобританием иІофхэмкІэ Повереннэу г-нэу Ф. Робертс ыкІи нэмыкІхэри щыпэгъокІыгъэх.

Ащ дыкІыгъоу США-м и Послэу СССР-м щыІэ г-нэу В. А. Гарриман ыкІи США-м и Государственнэ Секретары и Помощникэу г-нэу Ч. Болен Москва къэкІуагъэх.

ГАЗЕТЭУ „КОМСОМОЛЬСКЭ ПРАВДЭР" ОТЕЧЕСТВЕННЭ ЗАОМ ИОРДЕНЭУ АПЭРЭ СТЕПЕНЫМКІЭ НАГРАДИТЬ ШЫГЪЭНЫМ ЕХЬЫЛІАГЪЭУ

СССР-м и ВЕРХОВНЭ СОВЕТЫ И ПРЕЗИДИУМЫ

и УКАЗ

Ти Роднэ агу етыгъэу Іоф зэрэфашІэным тетэу, советскэ кІэлакІэхэр пІугъэнымкІэ шІуагъэ зиІэ Іофышхоу ышІагъэм фэшІы, немецкэ техакІохэмэ япротив банэм советскэ кІэлакІэхэр активнэу зэрэфызэхищагъэхэм фэшІы газетэу «КОМСОМОЛЬСКЭ ПРАВДЭР» ОТЕЧЕСТВЕННЭ ЗАОМ иорденэу АПЭРЭ СТЕПЕНЫМКІЭ наградить тэшІы.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Председателыр
М. КАЛИНИН.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Секретарыр А. ГОРКИН.

Москва, Кремль.
Маим и 26-рэ 1945-рэ илъэс.

И. В. Сталиным г-нэу Г. Гопкинсрэ г-нэу В. А. Гарриманрэ ыдэжь щыІагъэх

Маим и 26-м СССР-м и Народнэ Комиссархэм я Советы и Председателэу И. В. Сталиным США-м и Президентэу г-нэу Г. Трумэны иличнэ представителэу г-нэу Г. Гопкинсрэ США-м и Послэу СССР-м щыІэ г-нэу В. А. Гарриманрэ принять ышІыгъэх.

Приемым СССР-м иІэкІыб Къэрал Іофхэмкіэ Народнэ Комиссарэу В. М. Молотовыр хэсыгъ.

Комсомольскэ значёкхэр аратыгъэх

ВЛКСМ-м и ЦК ия 13-рэ пленумы ирешение тетэу комсомольцэхэм абгъэ хэлъынэу „ВЛКСМ" зыфиІорэ значекэр араты.

Комсомольскэ значекхэу ВЛКСМ-м иобкомы апэрэмкІэ къыфагъахьыгъэхэр ВЛКСМ-м ирайкомхэм, комсомольскэ организацие пэрытхэм аратыгъэх. Значекхэр зэрараты рэм хэкум икомсомольскэ организациехэм производственнэ ыкІи политическэ гуетыныгъэшхо къахилъхьагъ.

Мыекъопэ районым щыщ комсомольцэхэу нэбгыри 150-м комсомольскэ значекхэр аратыгъ. Мы районым щыщ совхозэу „ВЦСПС"-м икомсомольскэ организацие щыщ комсомольцэхэм значекхэр аратыжьы зэхъум производственнэ пшъэрылъхэр аштагъэх. Комсомольскэ кІэлэкІэ звеном извеновоеу комсомолкэу тов. Рыбком значекыр зыратыжьым извенокІэ мы илъэсым гектар пэпчъы зерновой лэжьыгъэу пуди 120-рэ къырихынэу пшъэрылъы зыфишІыжьыгъэ.

Шэуджэн районым щыщ колхозэу „Передовикым", Николаевскэ гурыт школым ыкІи фэшъхьафхэми якомсомольскэ организациехэм значекхэр аратыжь зэхъум джащ фэдэу пшъэрылъхэр зыфашІыжьыгъэх.

Комсомольскэ гущыІэу атыгъэр къызэрагъэшъыпкъэжьыным, комсомольскэ значекхэр щытхъу яІэу зэрэзэрахьаным комсомольцэхэр фэбанэх.

Подсобнэ хозяйствэмэ ялэжьыгъэ хэлъхьан мэгужъо

Къалэм ежь иунаеу продовольственнэ базэ пІэнымкІэ предприятиехэм ыкІи организациехэм ашІэрэ подсобнэ хозяйствэмэ мэхьанэ иІ яІэу щыт. Къалэм ипредприятие ыкІи организацие пэрытхэу, блэкІыгъэ илъэсым ащ дэгъоу Іоф дэзышІагъэхэмэ, зерновой ыкІи хэтэрыкІ лэжьыгъэ бэгъуагъэ къахьыжьыгъ. Ащ рабочхэм ыкІи служащхэм яобщественнэ питание нахьышІу шІыгъэным иамал икъухэр къетых.

Мы илъэсыми предприятие ыкІи организацие бэкІаехэмэ ипІалъэм ехъулІэу подсобнэ хозяйствэмэ ялэжьыгъэ хэлъхьан зэшІуахыгъахэ. Заводэу «Красный октябрэм» гектар 46-у, хэку больницэм гектар 53-у халъхьан фэягъэхэр зэхалъхьэгъахэх. Майсмешторгым, обозостроительнэ заводым, артелэу «Новая жизнь» зыфиІорэм зерновой ыкІи хэтэрыкІ лэжьыгъэхэмэ яхэлъхьан аухыгъ ыкІи семчыкымрэ чІыплъымрэ янкІэны фежьагъэхэри ахэт.

Джащымэ афэдэ предприятиехэм ыкІи организациехэм яруководительхэу, подсобнэ хозяйствэмэ ялэжьыгъэ шІэны мэхьанэ икъу езытыгъэхэу ыкІи ащ ялэжьыны зиколлективхэр дэгъоу фызэхэзыщагъэхэу къэплъытэн плъэкІыщтхэр макІэп. Ау подсобнэ хозяйствэмэ ялэжьыгъэ хэлъхьан къалэм ипредприятиехэм ищыкІагъэм тетэу ащэкІо тІон тлъэкІыщтэп.

Аужым бытовой обслуживанием икомбинатрэ кооперативнэ техникумымрэ непэ къызнэсыгъэми жъонымрэ лэжьыгъэ хэлъхьанымрэ афежьагъэхэп.

Тарнэ заводым гектар 11,5-у хилъхьан фэягъэм маим и 20-м нэс фежьагъэп. Ар анахьэу къызхэкІыгъэр, заводым идиректорэу тов. Аведисовым подсобнэ хозяйствэм иІофы мэхьанэ икъу зэрэримытэу ыкІи ар ятІонэрэ ІофшІэнэу зэрилъытэрэр ары. Спецстроим рабочэ снабжениемкІэ иотделы зэхилъхьан фае участкэм ипроцент 50 нахь ыгъэцэкІагъэп. Подсобнэ хозяйствэм изэхэлъхьаны Мыекъопэ гидроэлектростанциеми икъоу Іоф щыдашІэрэп. Гектари 150-м щыщэу гектар 42-рэ нахь ыжъуагъэп, жъуагъэу иІэ тІэкІуми щыщэу гектар 16 нахь джы къызнэсыгъэм зэхилъхьажьыгъэп. ГЭС-м и ОРС иначальникэу тов. Усиковым амалэу иІэхэр икъукІэ ыгъэфедэхэрэп.

Подсобнэ хозяйствэмэ яхэлъхьан джы дэдэм, къалэм зэрэщыкІорэр пщэІэн плъэкІыхэнэу щытэп. ВКП(б)-м игоркомрэ горисполкомымрэ мы Іофым пчъагъэрэ тегущыІагъэх ыкІи ащ епэсыгъэ Іоф тхьабзэхэр агъэунэфыгъэх. Ау Іофыр зыкІи ащ шІокІынэу хъурэп. Аужым горкомымрэ горисполкомымрэ яІофышІэхэр мы Іофым щыгъуазэхэп. Гущыіэм нас, ВКП(б)-м игоркомы ипромышленнэ „отделы подсобнэ хозяйствэмэ яІофы укІэупчІэнэу узычІахьэкІэ, ар горкомым иятІонэрэ секретарэу тов. Шипиловым ишъэрылъэу ыкІи ар нахь щыгъуазэу къыщыуаІо. Тов. Шипиловым дэжь узычІахьэкІэ гоІэ Іофым хэтэу горисполкомым телефонкІэ звонить ешІы. Горисполкомым исельхозотделы узычІахьэрэми ащ изаведующэу тов. Бабаковымрэ зэрономэу тов. Бондаренкэмрэ телефоным Іотіысхьахэшъ, предприятиехэм ыкІи организациехэм звонить ашІэу рагъажьэ. Ащ къыгъэлъагъорэр, къалэм ипартийнэ ыкІи советскэ организациехэмэ подсобнэ хозяйствэмэ ялэжьыгъэ хэлъхьаны пэщэныгъэ зэрэдызэрахьэрэ шІыкІэр ары.

Хъ. Хъущт.

Выпускной экзаменхэр ыкIи переводной испытаниехэр

Экзаменэу школхэм ащыкIорэмэ ямэхьан

Мыгъэрэ илъэс еджэгъум щыублагъэу гурыт школыр къэзыухырэмэ аттестат зрелостымкIэ экзамен атын фаеу СССР-м и Совнаркомы унашъо ышIыгъ.

Сыда а унашъом моралэу иIэр? Мы унашъом педагогхэмкIэ анахь пшъэрылъэу къытфигъэуцурэр зы пкъыгъо ныIэп, ау ар Iоф пкъыгъошхоу щыт. Тишколхэм джы нэсыфэкIэ зэращырагъаджэщтыгъэм фэмыдэу, егъэджэным вкачествэ инэу зыкъегъэIэтыгъэп фаеу унашъом къеIо. Гурыт школым щеджэхэрэмэ ащыщхэр, высшэ образование зэрагъэгъоты ашIоигъоу вуз зэфэшъхьафхэм ачIахьэщтыгъэх. Ау джы нэсыфэкIэ аттестат зрелости ащ зэрямыIагъэм фэшIы шIэныгъэу яIэр зыфэдизыр, ащ икууагъэр, ащ ипытагъэр амышIэу вузхэм аштэщтыгъэх, ау итIанэ студентэу зыхъухэрэ ужым бэмэ яшIэныгъэ зэрэмыкуоу, высшэ образование зэригъотынымкIэ гурыт образованиеу къагъотыгъэр зэрэмакIэр къэнафэщтыгъэ. Арэщтэу Iофыр щымытыжьыныр ары мы унашъор зыфэгъэхьыгъэр. Экзаменхэм ащыкIэ пшъэрылъэу яIэр гъэнэфагъэ: высшэ образование зэзыгъэгъоты зышIоигъо кIалэхэм, пшъашъэхэм яшIэныгъэ, икуугъэкIи, ипытагъэкIи вузым щеджэнхэм тегъэпсахьыгъэу щытхэмэ щымытхэмэ ары. Джары экзаменхэм ямэхьан

Хэта экзамен зытын фитыр? Экзаменхэр зытын фитхэр, хэтрэ кIалэу, пшъашъэу гурыт школым икурс къэзыухыгъэу, IэдэбыгъэшIхо зишэн-зекIуакIэкIэ зыхэлъэу, ащыкIэ отличнэм къыщымыкIэу, „5"-м нахь мымакIэу отметкэ зиIэхэр арых. Ар поведением иIофкIэ ары.

ЕджэнымкIэ успеваемостэу иIэм елъытыгъэу экзамен зытын фитхэр: учебнэ планым щыщ анахь предмет лъапсэхэмкIэ „3"-м къыщымыкIэу отметкэ зиIэхэр арых. Мыщ фэдэ предметхэу пение, рисование, черчение, военнэ-физическэ подготовк зыфэпIощтхэмкIэ отметкэу яIэм емыпхыгъэу экзаменыр ытынэу хэтрэ еджакIуи фит.

Аттестат зрелости къызэрэдихыным пае, хэтрэ еджакIоу гурыт школыр къэзыухырэм, мыщ фэдэ предметхэмкIэ экзамен ытын фае: адыгабзэр, адыгэ литературэр, урысыбзэр, урыс литературэр, алгебрэр, геометриер, тригонометриер, физикэр, химиер, СССР-м и историе, новая историер, иностраннэ бзэмэ ашыщэу зы бзэ горэ (английскэ, французскэ е немецкабзэр).

Сочинениеу литературэмкIэ еджакIомэ экзаменым щатхыщтхэри ыкIи математикэмкIэ задачэу, примерэу, хьисапэу ашIыщтхэри Наркомпросым специальнэ пакетхэм адэлъхэу къегъахьых.

Экзаменационнэ комиссием пакетым тхылъэу дэлъыхэр экзаменыр зыщаублэным 1 сыхьат нахь къэмынэу къыдехы. Ащ ыпэу зэтырихы хъущтэп. Экзаменационнэ комиссиер нэбгыри 5 мэхъу, ахэмэ зэужэми высшэ образование икъоу яIэн фае: председателыр школым идиректор, я 2-рэ членыр предметымкIэ экзаменаторэу щыт преподавателыр, ящэнэрэ ыкIи яплIэнэрэ членхэр старшэ классхэмкIэ преподавателэу щытхэмэ ащыщхэу, а предмет дэдэм езыгъаджэхэу, е ащ пэблэгъэ предметым езыгъаджэрэм ашыщэу, нэбгыритIур—ассистентэу ыкIи ятфэнэрэ членыр хэкуоном е крайоном ипредставитель ары.

Экзамен пэпчъэу еджакIохэм зэфагъэхьазырын алъэкIыным фэшIы, мэфи 2—3 азыфагун фае.

СочинениехэмкIэ, задачэхэмкIэ сыхьати 5 зэлъыпытэу щысэу еджакIом ытхын фит. СочинениемкIэ зыфэе темэм хехы. Ау задачэхэр, примерхэр зэужэу классым чIэсэу экзаменыр зытырэ группэмкIэ зэфэдэу общэу щытын фае.

Экзаменхэр дэгъоу зэратынхэм пае, школым Iофэу ышIэн фаемэ зыкIэ ащыщхэр: Наркомпросым экзаменхэм афэшI инструкциеу къыдигъэкIыгъэр собрание ашIын, пшъэрылъэу яIэм къытегущыIэрэ пунктхэу хэтыхэмэ ащагъэгъэзэнхэ фае. ЯтIонэрэмкIэ, экзаменхэм яраспи сание мэфи 10-кIэ къыпэу школым пылъэгъэн фае. ЯшэнэрэмкIэ, учительхэм консультациеу еджакIомэ аратын фае, справкэу ящыкIагъэхэр агъотынэу стол—справок щызэIуахыныр школымкIэ дэгъу. ЯплIэнэрэмкIэ, билетхэр еджакIомэ игъом аратын е ащагъэгъозэн фае. Экзамен зытырэм ответэу билетымкIэ тефэгъэ вопросхэм аритыщтым минут 20 фэдизэу ягупшысэн, зыфигъэхьазырын фит.

Билетым ит вопросхэм афэшъхьафэуи экзаменационнэ комиссием щыщ членэу хэтхэр дополнительнэ вопросхэмкIэ къэупчIэнхэ фитых. Ар къызыупчIэхэрэр, билетым ит вопросхэм зэужэу иджэуап къызэритыхэрэ ужыр ары нахь, ащ ыпэкIэ кIалэм уеупчIы хъущтэп. Экзаменыр зытырэм ишIэныгъэ зыфэдэр нахь тэрэзэу зэхэфыгъэным фэшIы, ащ фэдэ дополнительнэ упчIэхэр программым игъунапкъэхэм аблэмыкIэу комиссием хэтмэ къатын фит.

Сыда кIалэу экзамен зытыхэрэмэ яответхэр зыфэдэн фаер, яписьменнэ работхэм къагъэлъэгъон фаер? Сыда кIалэхэу экзамен зытыхэрэмэ яшIэныгъэ зынэсын фаер?

ЭкзаменхэмкIэ СССР-м и Совнаркомы утвердить ышIыгъэ „Положением" къызэриIорэмкIэ гурыт школым икурс объемэу иIэм елъытыгъэу экзаменыр атын фае.

Гурыт школыр зиповедениекIи, зиуспеваемосткIи оценкэу „5"-кIэ къэзыухырэм аттестатым игъусэу дышъэ медали раты. Гурыт школыр зиповедениекIи зиуспеваемосткIи экзаменхэр „5"-кIэ зытыгъэу, адырэхэмкIэ „4"-м къыщымыкIэу предмети 3 нахь къыхэмыфэрэмэ аттестатым игъусэу тыжьын медаль раты. Медалыр зэратыщтым мыщ фэдэ предметхэу: пение, рисование, черчение, военнэ физическэ подготовкэ зыфэпIощтхэмкIэ отметкэу иIэхэм дяплъырэп, ахэр ащ епхыгъэп

Дышъэ медалыри, тыжьын медалыри къэзытыхэрэр крайонохэр, облонохэр арых.

Школым специальнэ собрание ешIышъ, советскэ, партийнэ ыкIи общественнэ организациехэм япредставительхэр хэтхэу, еджакIохэмэ янэ ятэхэр, народнэ образованием иотделы ипредставительхэр, педагогическэ советыр зэужэу щысхэу, я V-рэ классым щыублагъэу я IX-рэ классым чIэс кIалэхэм арыгъунэу собранием къырашэлIэнхэшъ, школым идиректоры торжественнэу аттестат зрелостхэр, медальхэри школыр отличнэу зыухыгъэхэм аритыщт.

Экзаменхэр дэгъоу зэрэкIоным школхэм, народнэ образованием иIофышIэхэм инэу анаIэ тетын фае. Ащ государствэмкIэ мэхьанэшхо иIэу щыт.

Доцентэу **Ю. Нэмытэкъу.**
Народнэ образованиемкIэ краевой отделым ипредставитель.

Я 8-рэ гурыт школым экзаменэр апэрэ мафэм зэрэщыкIуагъэр

Сыхьатыр и 8-м ежьагъ. Бзылъфыгъэхэр зыщеджэу Мыекъуапэ дэт я 8-рэ гурыт имыкъурэ еджапIэм иеджакIохэр къэзэрэугъоигъахэх. Мыхэмэ шIэныгъэу агъотыгъэр Красная Армиемрэ Родинэмрэ апашъхьэ къызщаIожьырэ лъэхъаным итых. Дахэу гъэкIэрэкIэгъэ пшъэшъэ еджакIо цыкIухэр зэрэгъэчэфыхэшъ, экзаменэр зэратыщтым тегущыIэхэшъ зэхэтых.

Сыхьатыр 8 зэхъум, звонок макъэр къэIугъ ыкIи ащ лъыпытэу шъхьадж иклассы ихьагъэх. Классхэр дахэу зэIыхыгъэх, къэгъэгъэ букетхэр шъхьаныгъупчъашъхьэхэм ыкIи столхэм атетых. Портретхэмрэ лозунгхэмрэкIэ дэпкъыхэр гъэкIэрэкIагъэх.

Я 6-рэ класс „Б"-м непэ урысыбзэмкIэ устнэ экзаменыр еты. Классыр рэхьат. ЕджакIохэр экзаменаторхэм яжэх. Еэрэ пэмытэу экзаменхэр зэратыщтхэр классым къихьагъэх.

Экзаменыэ рагъажьэ. Апэу столым еджакIохэу Данько Галина, Гопонович Людмила, Мухина Зоя къыкIэлъырэхьэх. Билетхэр аштэхи, апэрэ партхэм акIэлъырытIысхьагъэх.

Данько тефэгъэ вопросхэм яджэуапхэр дэгъоу зэхэугуфыкIыгъэхэу къыIуагъэх. Оценкэу 5 къыхьыгъ. Джащ фэдэу дэгъоу еджагъэхэу Семеновам, Рогалевам, Астафововам, Елизаровам ыкIи ащ анэмыкIхэми экзаменыр 5-кIэ атыгъ.

Мы классым пстэумкIи еджакIо 18 ис, ащ щыщэу 11-мэ 5-кIэ атыгъ, адырэ еджакIуи 7-м 4 къахьыгъ.

Я 7-рэ классым диктант ытхыгъ, ащи гъэхъэгъэ дэгъухэр къытыгъ. ЕджакIо 21-м щыщэу еджакIуи 9-м 5 къахьыгъ.

Дж. Тамбый.

ЩыкIагъэхэу афэхъугъэхэр дагъэзыжьынхэ фае

Переводной ыкIи выпускной экзаменхэм яапэрэ мафэхэм хэкум ишкол нахьыбэмэ гъэхъэгъэ дэгъухэр къагъэлъэгъуагъэх.

Ау щыкIагъэ зыфэхъугъэхэр школхэм ахэтых. ГущыIэм пае, Кощхьаблэ районым щыщэу Натырбовскэ гурыт школым ия 10-рэ классы ис еджакIо 15-мэ ащыщэу урысыбзэ тхэнымкIэ зы пэбгырэ горэми 5 къыхьыгъэп, кIэлэеджакIуитIумэ оценкэу 2 къахьыгъ. Красногвардейскэ районым щыщэу Еленовскэ гурыт школыми ия 10-рэ классым экзаменхэр зэритыгъэр ащ нахь дэгъоп.

Ар анахьэу къызыхэкIырэр, экзаменхэм тэрэзэу зызэрафамыгъэхьазырыгъэр ары.

Экзаменхэм яапэрэ мафэхэм щыкIагъэу афэхъугъэхэр зэрэдагъэзыжьыным намалхэр школхэм зэрахьанхэ фае.

Тигубгъохэм къаратхыкIыхэрэр

Лэжьыгъэмэ япкIэн дэгъоу зэшIотхын

Колосовой лэжьыгъэхэм ыкIи пронашнэ-техническэ культурэхэм япкIэн игъом шIомыкIэу, агротехническэ правилэхэм къызэраIорэмэ атетэу зэшIохыгъэным лэжьыгъэ бэгъуагъэ къэхьижьыгъэнымкIэ мэхьанэшхо иIэу щыт.

Джащ фэшIы тихэку школхоз пэрытмэ гъэтхэ лэжьыгъэ хэлъхьаныр дэгъоу зэшIуахыгъэу джы пронашнэ-техническэ культурэхэмрэ колосовой лэжьыгъэхэмрэ япкIэн пизэу зырагъэушъобгъугъ. Ащ фэдэу щысэтехыпIэу Iоф зышIэрэмэ Теуцожь районым щыщ колхозэу «Пщыщэр», Красногвардейскэ районым щыщэу Буденнэм ыцIакIэ щытыр, «Советскэ пахарыр» ыкIи ащ анэмыкIхэри ащыщых. Мы колхозхэм бжыхьасэ лэжьыгъэхэм япкIэн аухыгъ ыкIи гъэтхэ лэжьыгъэхэм япкIэн зырагъэушъобгъугъ.

Ау Мыекъопэ районым щыщ колхозхэу «17 лет Октября» зыфиIорэм, Ленинным ыцIэкIэ щытым ыкIи ащ анэмыкIхэми семчыкэу яIэмэ япкIэгъу хъугъэ нахь мышIэми, ащ джыри фежьагъэхэп. Колосовой лэжьыгъэхэм япкIэн жъажъэу ащэкIо. Шэуджэн районым щыщ колхозэу «Ленинский путь» зыфиIорэм бжыхьасэхэм япкIэн процент 11 нахьэу ыгъэпэкIагъэп.

Мы колхозхэр аужы къинэнэу зыкIэхъухэрор, трудовой дисциплинэр ыкIи трудэр колхозхэм тэрэзэу зэращызэхамыщагъэр ары. Губгъо бригадэхэм ыкIи звенохэм трудэр тэрэзэу ашыгъэпсыгъэп. Былым кIуачIэу яIэхэри лэжьыгъэ улъэпшъоуным щагъэфедэхэрэп.

А IофшIакIэм ипымкIэу гъунэ фашIыныр, мыгъэ лэжьыгъэ бэгъуагъэ къызэрахьыжьыным елъытыгъэу, лэжьыгъэмэ япкIэн дэгъоу зэшIуахын фае.

НАТРЫФЫМ ИХЭЛЪХЬАН АУХЫГЪ

Гиагинскэ районым щыщ колхозэу «МОПР»-м ыкIи «Наш труд» зыфиIорэм семчыкымрэ натрыфымрэ ихэлъхьан ауухыгъ. Джы пкIэным яшъыпкъэу Iоф дашIэ.

Тутын гектари 2 ыгъэтIысхьэгъах

Теуцожь районым щыщ колхозэу „Красный партизаным" тутын шIэным мэхьанэшхо реты. Мы колхозым маим и 20-м ехъулIэу тутын гектари 2 ыгъэтIысхьэгъах.

Колхозникхэм ыкIи колхозницэхэм социалистическэ соревнованием зырагъэушъобгъузэ, тутын гъэтIысхьаныр ыкIи адырэ губгъо IофшIэнхэри пIэлъэ кIэкIыкIэ зэрэзэшIуахыным фэбанэх.

Люцернэ упкIэныр ригъэжьагъ

Колхозэу „А 1-рэ Абдзахэр" мэкъу угъоижьыным фэхьазырэу пэгъокIы. Мэкъу упкIэ машинитIоу иIэхэр ипIалъэм ыгъэцэкIэжьыгъэх, ащ фэшъхьафэу щэмэдж 26-рэ ыгъэхьазырыгъах.

Мы колхозым Шэуджэн районым иколхозхэмэ апэу люцернэ упкIэныр ригъэжьагъ.

Комбайни 7 агъэцэкIэжьыгъах

Кощхьаблэ районым щыщхэу Натырбовскэ МТС-рэ ыкIи Адыгейскэ МТС-рэ комбайни 7 агъэцэкIэжьыгъах.

Колхозхэу Молотовым ыцIэкIэ щытым, «Кабардинец гигантым», Крупскэм ыцIэкIэ щытым ыкIи ащ анэмыкIхэми лэжьыгъэ угъоижь машинэхэр ыкIи фэшъхьафэ лэжьэкIо Iэмэ-псымэхэри агъэцэкIэжьых.

Ответ. редактор Н. М. ШОВГЕНОВА.

МО 02170 АДРЕС РЕДАКЦИИ: г. Майкоп, ул. Первомайская 163, телефон № 0-54. Типография Адыгнациздата. Заказ № 1329 Тираж 2534